ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№66 (24.504) • 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 3, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

## ДэІэпыкъуныгъэр зэпыуркъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Дзэ Іуэху хэха щекІуэкІ Запорожье областым щыІэ зауэлІхэм якІэлъыкІуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщІым 503-нэ полкым яхузэдишащ зекІуапІэ гугъухэм пхыкІыфын хуэдэу зэгъэпэща машини 5, гъуэгуанэ хущхъуалъэхэмрэ нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэмрэ.

«Ди зауэлІхэм защІэдгъэкъуэн Іуэхур зэпыдгъэуркъым. Гупхэм я унафэщІхэм сапыщІауэ сыщыт зэпытщ. Ахэр здэщыІэ щІыпІэм зэпыу имыІэу зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр идогъашэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Іэтащхьэр дзэ унафэщІхэм яхуэзэри епсэлъылІащ. «Хахуагъэрэ лІыгъэрэ къэзыгъэлъагъуэ ди щІалэхэм дригушхуэ хъунущ. Гу якІуэцІылъу, абыхэм къыхуагъэув къалэн гугъухэр ягъэзащІэ. Си гуми си псэми къабгъэдэкІыу, а хэкулІхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэр, зыгъэса адэ-анэхэм фІыщІэ яхузощІ, езыхэми щІалэхэм къабгъэдэкІыу сэлами язохыж, - къыхигъэщащ УнафэщІым. - Дауи, ди щІалэхэр я Іыхьлыхэм ящІоупщІэ. Дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ къызэрагъэпэща, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и къудамэу республикэм щыІэм нобэ лэжьэн зэрыщІидзар яжесІащ абыхэм. Дзэ Іуэхум хэтхэм я унагъуэхэри абы къикІыжа ветеранхэри гулъытэншэ хъунукъым. Япэми хуэдэу, защІэдгъакъуэ зэпыту дыщытынущ. Шэч хэлъкъым абы ди ТекІуэныгъэри гъунэгъу зэрищІынум».

## Я пщІэр яІыгъыжу

**КъБР-м и Іэтащхьэм «щІыналъэ сыхьэт» иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.**

ЗЭІУЩІЭМ къыщаІэтыну Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм ипэ къихуэу, КІуэкІуэ Казбек къызэхуэсахэм яригъэцІыхуащ Тэрч район администрацэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэу ягъэува Хъущт Аслъэнбий. Республикэм и Іэтащхьэр абы ехъуэхъуащ районым ифІ къызэрыкІыну лэжьыгъэ зэпэщ иригъэкІуэкІыну.

«ЩІыналъэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ администрацэхэмрэ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъунымкІэ «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэмрэ зэрызэдэлэжьэну щІыкІэхэм.

Апхуэдэуи и гугъу ящІащ дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм щыІэ зауэлІхэм зыхуэныкъуэ ерыскъыхэкІхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зэрыхурагъашэм. КъищынэмыщІауэ, Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ армэ гъатхэ дэшыгъуэр зэрекІуэкІымрэ дзэм контракт щІыкІэм тету къулыкъу щезыхьэкІыну хуейхэм я ІуэхукІэ къызэрагъэпэща хэщІапІэ щхьэхуэр зэрылажьэмрэ. НэхъапэкІэ контракт щІыкІэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкІынухэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм абы теухуа зэгурыІуэныгъэ иращІылІэн папщІэ республикэм и цІыхухэр нэгъуэщІ хэгъэгухэм кІуэн хуей хъурт.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр, я пщІэрэ я щІыхьрэ яІыгъыжу, Хэкур яхъумэну макІуэ. Езым я фІэфІыныгъэкІэ апхуэдэ зэгурыІуэныгъэм Іэ тезыдзэу нобэрей щытыкІэм къахуигъэув зауэ, граждан, цІыхухъу къалэнхэр зыгъэзэщІэну къэувхэм сэ фІыщІэ яхузощІ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Апхуэдэу зэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэм, абы и лъэныкъуэкІэ районхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэм. Мусуков Алий жиІащ Налшык дэт, къат куэду зэтет унэхэм я пщІантІэхэр зэІузэпэщ щІыжыным щІыналъэ бюджетым къыхэкІыу иджыри мылъку зэрыхухахар. Абыхэм нэмыщІкІэ, ахъшэр зэгъэзэхуауэ къызэрагъэсэбэпам и фІыгъэкІэ, республикэм и къалащхьэм жылагъуэ щІыпІэу тху зыхуей щыхуагъэзэжынущ. КъищынэмыщІауэ, ар тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр зэрыщрагъэкІуэкІым, абы и лъэныкъуэкІэ я мурадхэми къытеувыІащ.

Республикэм и Іэтащхьэм пщэрылъ ящищІащ 2024 - 2026 гъэхэм и къэрал программэм хэхуэн папщІэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну курыт школхэр нэхъ псынщІэу къагъэнэІуэну.

## ЩытыкІэм я нэІэ трагъэкІыркъым

**КІуэкІуэ Казбек и Телеграм каналым цІыхубэм закъыщыхуигъэзащ, уэшхышхуэ къызэрешхам къиша щытыкІэм хумыбэлэрыгъыну къыхуриджэу.**

«ПщІэ зыхуэсщІхэу республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ фызыхуэсакъыжыну сыныволъэІу, МЧС-м зэбгритыкІ хъыбархэм факІэлъыплъ, - дыкъыщоджэ Іэтащхьэм и напэкІуэцІым.

ЩытыкІэ гугъум иджыри махуэ зыбжанэкІэ зихъуэжынукъым. Урысей МЧС-м и управленэу КъБР-м щыІэми, щІыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэри, къэхъукъащІэхэр зыгъэзэкІуэж бригадэхэри хьэзыру щытщ. Псым кІэлъыплъ плъырыпІэхэр жэщ-махуэ хъурейм мэлажьэ. Псыхэр къызэриуам дызригъэува щытыкІэм дыкІэлъыплъ зэпытщ.



# ЯлъагъумкІэ арэзыуэ, яфІэгъэщІэгъуэну



**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Нилов Ярослав я пашэу лІыкІуэ гуп лэжьыгъэ ІуэхукІэ мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ. Дыгъуасэ ахэр яхуеблэгъащ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м, Сабий творчествэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академием, УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкІэ и фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм.**

ХЬЭЩІЭХЭМ псом япэу зыщагъэгъуэзащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытхэмрэ школ-интернат №5-м щаІэ псэукІэм. ІуэхущІапІэм и унафэщІ Алишанов АлийсультІан ахэр щыгъуазэ ищІащ интернатым унагъуэ хабзэхэм тету сабийхэр зэрыщагъасэм, сыт и лъэныкъуэкІи къызэрызэгъэпэщам. Школ-интернатым езым и пщІантІэм туе жыгыу мини 3-м щІигъу щегъэкІ, Іэщ, шы, тхьэкІумэкІыхь щаІыгъ фермэхэр, жыг хадэхэр иІэщ, гуэдз хасэ. Нэхъыщхьэращи, цІыкІухэр а лэжьыгъэхэм хэгъуэзауэ къохъу.

- Сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэІэм щІэмытхэмрэ гъащІэм тыншу зэрыхэзгъэн Іэмалхэм гулъытэ хэха мыбдеж щыхудощІ. Апхуэдэу гупжьей зэмылІэужьыгъуэу 28-рэ диІэщ, - къыхигъэщащ Алишановым. - Сабий 76-м ди нэІэ ятетщ. Школ-интернатым и бжэр сыт щыгъуи зэІухащ, ди цІыкІухэм къахохьэ къуажэм щыщ ныбжьыщІэу 140-рэ. Ахэр зэгъусэу йоджэ, гупжьейхэм макІуэ, зэныбжьэгъущ. ДызэреплъымкІэ, ар Іуэху бгъэдыхьэкІэфІщ сабийхэр цІыхум зэрыхэтыфынум хуэгъэхьэзырыным и лъэныкъуэкІэ. Еханэ классым къыщыщІэдзауэ зрагъэгъуэтыну ІэщІагъэм нэхъ тегъэщІауэ дадэлэжьэн щІыдодзэ. КъищынэмыщІауэ, школ-интернатым щекІуэкІ лэжьыгъэм ныбжьыщІэхэр жыджэру илъэс 14-м къыщыщІэдзауэ хэтщ, Лэжьыгъэ кодексым зэригъэувым тетуи улахуэ хэхаи къахь. Абы мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ, ахэр гъащІэм тыншу хыхьэфынымкІэ».

ХьэщІэхэр еплъащ школ-интернатым пщэфІэнымрэ дэнымрэ щыхуагъасэ и пэшхэм, сабийхэм я щыІэкІэ-псэукІэр зрагъэлъэгъуащ, абыхэм я узыншагъэм зэрыкІэлъыплъым и деж щыщІэкІыжу. Абдеж къэкІуахэм зрагъэцІыхуащ интернатыр къэзыуха ПащІэ Даринэ, ар еджэри къигъэзэжауэ илъэс еплІанэ хъуауэ абдеж дзэ дохутыру щолажьэ.

Егоровэ Татьянэ жиІащ депутатхэм мы школ-интернатым я нэІэ зэрытетыр, зэрыхъукІэ зэрызыщІагъакъуэр. НыбжьыщІэхэм защыхуигъазэм, ар абыхэм ехъуэхъуащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкІэ. «Дэ дыхуейщ узыншэу, губзыгъэу, хэкупсэу фыкъэхъуну», - къыхигъэщащ абы.

Нилов Ярослав зи лІыкІуэ гупым къабгъэдэкІыу ныбжьыщІэхэм егъуэхъуащ щхьэж и хъуэпсапІэр къехъулІэну, гъащІэм увыпІэфІ щагъуэтыну. Абы жиІащ школ-интернатым зэрыпщафІэ хьэкурэ уэрэд зэрыжаІэну Іэмэпсымэрэ къызэрыхуашар. «Къэбэрдей-Балъкъэрым етІуанэу дыкъокІуэ. Нэхъ ипэкІэ нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэри тлъэгъуащи, жысІэну сыхуейт абыхэми ноби гукъыдэж ин зэрыщыдгъуэтар, щІэблэр зэрывгъасэ Іэмалхэр телъыджэ зэрытщыхъуар, - жиІащ Ниловым. - Унагъуэ зэхущытыкІэхэр мыбдеж зэрыщывгъэлъапІэмрэ къызэрыщывгъэсэбэпымрэ псом хуэмыдэу нэхъ дигу дыхьащ, балигъым хуэдэу, сабийми къалэн пыухыкІа зэраІэр зыхащІэу, пщэфІэн, жьыщІэн, къапщтэмэ, къабзагъэм зэрыкІэлъыплъын хуейр ящІэу къызэрытэджым мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ. Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиІэну, мамыру фыпсэуну».

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и фІыщІэ тхылъыр абы яритащ школ-интернатым и унафэщІ Алишанов АлийсультІанрэ лэжьакІуэхэу Нэгъуей Маринэ, Шэру Светланэ, Щомахуэ Залинэ сымэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

# ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ

**Лъэпкъ журналистикэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа, щIыналъэр ефIэкIуэным, жылагъуэм щызекIуэ гупсысэр унэтIыным зи къалэмыр шэрыуэу илъэс 50-м щIигъуауэ хуэзыгъэлажьэ цIыху цIэрыIуэхэм ящыщщ ди лэжьэгъу лъапIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Шал Мухьэмэд Къасым и къуэр. Гупым ди нэхъыжьыфIым и ныбжьыр нобэ, мэкъуауэгъуэм и 3-м, илъэс 75-рэ ирокъу.**

ЛIЭЩIЫГЪУЭ ныкъуэм щIигъуауэ журналист IэщIагъэм ирилажьэ Мухьэмэд и Iуэху зехьэкIэкIэ, цIыху хэтыкIэкIэ щапхъэ зытраххэм ящыщщ. Газетым зэрыщыIэрэ пщэрылъ планыр щимыгъэзэщIа, къалэн щащIар тэмэму щызэфIимыгъэкIа къэхъуакъым. ЦIыхум хэлъыфыну хьэл нэхъыфIхэм ящыщ куэд дыболъагъу Мухьэмэд. Апхуэдэхэщ пэжыгъэр, жэуаплыныгъэр, гуапагъэр, цIыхугъэ лъагэр, зэхэщIыкI куур.

Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1948 гъэм къыщалъхуа Мухьэмэд ящыщщ Хэку зауэшхуэм къыкIэлъыкIуа лъэхъэнэ хьэлъэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм. Ди къэралым и тхыдэ гъуэгуанэм щыщу а зэманыр зи гъащIэм къриубыда дэтхэнэми ещIэж ар тыншу зэрыщымытар. Мухьэмэди ращ. Абы и адэ Къасым Хэку зауэшхуэм хэтащ, и псэ емыблэжу бийхэм япэщIэтащ. 1945 гъэм зауэр иухами, ар щалъхуа щIыпIэм занщIэу къэкIуэжыфакъым: ухуакIуэ батальоным хэхуэри, иджыри илъэситIкIэ Хэкум къулыкъу хуищIащ. Адэжь щIыналъэм къэкIуэжу мамыр гъащIэм хыхьэжа нэужь, Къасым унагъуэ иухуащ: абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Шордакъ щыщ, Хьэтэжьыкъуэхэ япхъу Марьян. Тхьэм зэриухар арати, зэщхьэгъусэхэм зы бын закъуэ къаритауэ ращ, ауэ, Мухьэмэд и анэ шыпхъум ипхъу Мадинэ Шалхэ я унагъуэм щапIати, а тIур зы анэм къилъхуам хуэдэу къызэдэхъуащ. Мухьэмэди Мадини зэщхьэгъусэхэм япIащ лъэпкъ гъэсэныгъэм и мардэхэм тету, ныбжьэгъугъэр, цIыхугъэр, пэжыгъэр ягъэнэхъапэу. Къэзылъхуахэм я жыIэм тету, а тIур ноби зэрощIэ, зэрыIыгъщ икIи зэхуэгумащIэщ.

Гурыхуэу, набдзэгубдзаплъэу къэхъу щIалэ цIыкIур курыт школми фIы дыдэу щеджащ. Абы зэрыжиIэжымкIэ, егъэджакIуэхэм къыхузэIуах дунейр - тхылъым, щIэныгъэм я дунейр - хуабжьу фIэхьэлэмэтт. Лъэпкъ щэнхабзэм, щIэныгъэм и гъуэгум тезышари а и унэтIакIуэхэрауэ къелъытэ Шалым. Ар 8-нэ классым щIэсурат, и япэ тхыгъэхэр республикэм, районым къыщыдэкI газетхэм къытехуэ щыхъуам. 9-нэ классым щIэсу Мухьэмэд «Коммунист» район газетым къащтауэ щытащ штатым хэмыт я корреспонденту.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къызэриухам щыхьэт техъуэ аттестатыр къыIэрыхьэжа нэужь, Шалыр щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Тхылъ еджэныр дапщэщи зыфIэфI, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэщIэм ари хъарзынэу къиухащ икIи Мухьэмэд пэрыуващ фIыуэ илъэгъуа журналист IэщIагъэм. «Коммунист» район газетым щыIэу, ди республикэм щыцIэрыIуэу щыта журналист АфIэунэ Рае и фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зэдзэкIакIуэу къащтащ икIи абы илъэситIкIэ щылэжьащ. ЗэдзэкIакIуэм и къалэнхэм хъарзынэу пэлъэщми, IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и гур хуеIэрт тхэным. Куэд дэмыкIыу, «Ленин гъуэгур» журналист лэжьакIуэ хуей зэрыхъуу, абы къэувауэ щытащ.

ЗэфIэкI зиIэ щIалэ жаныр газет Iуэхум щIэхыу хэзэгъащ. Илъэс куэдкIэ Шалыр и унафэщIащ газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ и къудамэм. Нобэ ар газетым и политикэ обозревателщ, республикэпсо, къэралпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ япэу япэджэжри ращ.

- Абы лъандэрэ илъэс 50-м щIигъуами, сэ зы дакъикъи сыхущIегъуэжакъым а IэщIагъэр къызэрыхэсхам. Газетым иIэу къыщIэкIынкъым сэ сыщымылэжьа къудамэ, сыщыIащ республикэм и къалэ, къуажэ псоми, цIыху хьэлэмэт куэдым саIущIащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэми сыхэтащ. Мы IэнатIэм сэ сыщрихьэлIащ икIи сащыдэлэжьащ (ноби ращ) журналист гъуэзэджэ куэдым, щызгъуэтащ зэхэщIыкIрэ гулъытэрэ, - жеIэ





Мухьэмэд. - Гуауэ сиIамэ, си лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм къыздагуэшащ, гуфIэгъуэ слъэгъуамэ, къыздаIэтащ. ЖыпIэнурамэ, редакцэр си етIуанэ унэу, абы щылажьэхэр си Iыхьлы дыдэу фIэкIа сымылъытэу сопсэу. Лэжьыгъэ IэнатIэкIэ апхуэдэ насып хэти къеуэлIэну си гуапэщ.

ЛэжьакIуэ гумызагъэр и гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ мызэмытIэу ягъэпэжащ щытхъу тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ. 2003 гъэм, КъБР-м и Президентым и УнафэкIэ, Шалым къыхуагъэфэщауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Адыгэ хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ унагъуэ дахи и щIыбагъ къыдэтщ Мухьэмэд. Абырэ и щхьэгъусэ Хьэуарэ бынитI яIэщ: ФатIимэрэ Алимрэ. Зэщхьэгъусэхэм абыхэм ирагъэгъуэтащ щIэныгъэ, фIыуэ ялъагъу IэщIагъэ. ФатIимэ и адэм и лъэужь ирокIуэ: КъБКъУ-м и журфакыр къиухауэ мэлажьэ. Алим унагъуэ хъуащ. Зи щIалэгъуэхэр нэхъыжьхэм къахуэпсащ къуэрылъху дыгъэкIэ. Унагъуэ дахэр мэпсэу, фIы щIэныр я гуращэу, зыдэс жылэм, зыхэт цIыхухэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу.

Щапхъэ зытетх ди нэхъыжьыфIым дохъуэхъу узыншэу, и щхьэгъусэр къыкъуэту, я бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я насып ялъагъуу псэуну, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къезыт и IэнатIэм иджыри куэдрэ пэрытыну.

ПщIэ пхудощI, фIыуэ удолъагъу, ди Мухьэмэд!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

# ЩIэныгъэр зи плъапIэ

**Журналистикэри дохутыр IэщIагъэм хуэдэщ - махуэ къэс уи щIэныгъэм зумыгъэужьмэ, пщэдей къэунэхум улъэщIыхьэжынукъым. Шал Мухьэмэд ящыщщ а лэжьыгъэ мытыншым и къуэладжэ псоми зи щIэныгъэкIэ пэлъэщахэм. Жылагъуэ Iуэху, экономикэ, мэкъумэш, тхыдэ, литературэ - сыт хуэдэ унэтIыныгъэми хуэIэзэ нэхъыжьым чэнджэщкIэ ущIыбгъэдыхьа жэуапыншэ хъуркъым.**

ТВОРЧЕСКЭ цIыхум ихъумэ бзэр, къыхах пэтми ныкъуэ мыхъу псынэу, къэнэн хуейщ, къыкIэлъыкIуэ щIэблэр абы щIэджыкIын, ар и гъуазэ, гъэса хъун хуэдэу. Бзэм и гъэлэжьэкIэм куэд елъытащ: лъэпкъ хабзэм, унагъуэм илъ щэным къыщыщIэдзауэ цIыхум и акъылым игъуэта зыужьыныгъэмкIэ иухыжу. Мухьэмэд и лэжьыгъэр кърехьэлIэ, къыхиха IэщIагъэм къыхуигъэува жыпхъэ узэщIам тетрэ ар къыщIыхихамрэ цIыхубэм псалъэкIэ яритыфынумрэ къыгурыIуэу.

Акъылыр, шыIэныгъэр, гупсысэ куур зэхуэхьэсауэ зрита цIыху зыпIэзэрыт зэчиифIэр зэрысабийрэ щIэныгъэм хуекъуу зэрыщытар гурыIуэгъуэу, курыт школыр иджыри къимыуха щIыкIэу, ар хунэсат къуажэ библиотекэм къыIихыу еджапIэ нэхъыщхьэхэм щадж литературоведенэ нэгъунэ езыр-езыррэ иджыну. Ар ямыгъэщIагъуэу къэнакъым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщIэтIысхьэм и щIэныгъэр къэзыпщытахэми.

Шалыр зы пщэдджыжь лэжьапIэм къыщIыхьэркъым Урысейм газетрэ журналу къыщыдэкIхэм ящыщ куэд и блэгущIэм щIэмылъу. Абы иджыпсту игъэхьэзыр жылагъуэ гъащIэм теухуа «Махуэку» напэкIуэцIыр «Адыгэ псалъэ» газетым и купсэу жытIэкIэ дыщыуэнукъым, дуней Iуэху щытыкIэхэм апхуэдизу гъэхуауэ ущегъэгъуазэри. Журналистикэм и жанр псоми зэхуэдэу кууэ ирилажьэ Шалым и къалэмым къыщIэкI тхыгъэ къэс езым и Iуэху еплъыкIэрэ зэгъэзэхуэкIэ хьэлэмэтыщэрэ хелъхьэ, щIэджыкIакIуэр а къиIэта Iуэхум пэгъунэгъу ищIрэ, игъэгупсысэу.

Жылагъуэ гъащIэм теухуа тхыгъэхэм лъабжьэ яIэн, цIыхур дихьэхыу еджэн папщIэ, тхыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIам езым щIэныгъэ куу бгъэдэлъын, Iуэху щхьэхуэхэр щIыналъэхэм нэсын ипэ, урысей журналистхэм абы теухуауэ яIэ еплъыкIэхэр зыхуэдэм щIэджыкIауэ, зэпкърихауэ щытын хуейщ, нобэ мобдежым зыгуэр щекIуэкIащ, абы мыхэр къыщыпсэлъащ, жыпIэ къудей мыхъуу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, язынлыкъуэ газетхэм стенографие Iуэху къэщтэкIэм бжьыпэр щиубыд къохъу, жылагъуэ гъащIэм тетхыхьыну иужь ихьа журналистым Iуэхум кууэ зэрыхимыщIыкIым, и щIэныгъэр зэрыпэмылъэщым и зэранкIэ.

Апхуэдэхэм деж Шал Мухьэмэд и тхыгъэхэр гъуазэу къагъэсэбэпым хуэдэщ. Сызытетхыхьыр си лъэпкъырщ, сызэрытхэр адыгэбзэщ, жиIэ мыхъуу, Шалым и тхыгъэхэм къэрал псом щекIуэкI жылагъуэ Iуэху щытыкIэхэм дыщагъэгъуазэ, апхуэдэ зэлъытыныгъэхэм гупсысэ убгъуамрэ щIэрыщIагъ зыхэлъ еплъыкIэхэмрэ дыхуашэу. Мухьэмэд гушхуауэ, урысей журналист нэхъыфIхэм къакIэрымыхуу сыт хуэдэ Iуэхури къеIэтыф икIи абы къежьапIэ хуэхъур махуэ къэс и щIэныгъэм зэрытелажьэрщ.

- Школым дыщыщIэсым, бетэмал, хамэ къэралыбзэхэмкIэ дезыгъэджэн димыIэу куэдрэ декIуэкIырт - сыт хуэдэу си нэр къыхуикIрэт сэ абыхэм. Сыт хуэдэ бзэми сыхэзэгъэнут, - жиIащ абы махуэ гуэрым. Пэжт ар, щIэныгъэм, творческэ гупсысэм къыхуигъэщIа дэтхэнэми къыщемэщIэкI щыIэщ анэдэлъхубзэ къудейр. Абы къелъыхъуэ езыр здынэмыса гъунапкъэщIэхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а къэухьым уикIын папщIэ нэгъуэщI гупсысэкIэ мардэхэм утезышэ хамэ къэралыбзэхэми ухуэныкъуэнущ.

Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу Шал Мухьэмэд газетым и щIэджыкIакIуэхэр дэзыхьэхынур сытми къыхихыфу апхуэдэ цIыху щэджащэщ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# И псалъэ, и гупсысэ, и еплъыкIэ

**Шал Мухьэмэд хуэдэу зи лэжьыгъэм псэ хьэлэлу пэрыт цIыху гъуэтыгъуейщ, жыпIэмэ ущымыуэну къысщохъу. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щылажьэхэм пасэу гу лъыттат а щIалэм иIэ хэлъэтымрэ бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэмрэ. Апхуэдэу щытми, а лэжьакIуэшхуэр радиом «къыщытIэпIа» къудейуэ ращ - абы и зэчийр нэсу «къыщыгъэгъар» «Адыгэ псалъэ» газетырщ.**

МУХЬЭМЭДРЭ сэрэ дызэпызыщIэр журналист IэщIагъэм и закъуэкъым. Дэ апхуэдэуи дызэкъуажэгъущ. Си гуапэу жызоIэ Шалым къыщалъхуа жылэм пщIэшхуэ, нэмыс зэрыщиIэр. Куба зы Iуэхушхуи щекIуэкIыркъым ар ирамыгъэблагъэу, и псалъэ, и гупсысэ, и еплъыкIэ щимыIуатэу. Куба щекIуэкI лэжьыгъэфIхэм нэхъыбэу щыгъуазэ сызыщIри ращ. Апхуэдэу, иджыблагъэ къэпсалъэри къызжиIащ ди къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэщIэ зэрыдащIыхьыр. «Балъкъ и макъ лъэщым фIэкIа зэхэдмыхыу куэдрэ бгыщхьэм дытесащ, иджы абы къыхыхьэнущ нэгъуэщI макъамэ щIэщыгъуэхэри», - гушыIащ Мухьэмэд.

ФIыуэ сыщыгъуазэщ зыпэрыт лэжьыгъэм Шалым ехъулIэныгъэ зэрыщиIэми. СыщыгуфIыкIащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр а лэжьакIуэшхуэм, цIыху псэ къабзэм къыщыхуагъэфэщам щыгъуи.

«Зыпс къикIар зэшщ» жыхуаIэм хуэдэу, си къуажэгъум апхуэдэ лъытэныгъэ и лэжьыгъэ IэнатIэм, жылагъуэм зэрыщиIэм сэри срогушхуэ.

**АФIЭУНЭ Рае,**
*УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ 2013 гъэ.*

# Зи къалэмыр нобэми мыубзэщхъу

**Шал Мухьэмэд гъащIэм и зы пычыгъуэ купщIафэ къэзыкIуа, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI псалъэ гуапэхэр зыхуэфащэ, пщIэ зыхуащI лэжьэгъущ, ныбжьэгъущ, республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ, зи къалэмыр мыубзэщхъу, зи гупсысэр гъэхуа цIыху телъыджэщ.**

«ЛЕНИН гъуэгу» газетым и гупым сыкъыщыхыхьам япэу нэIуасэ къысхуэхъуахэм ящыщщ Шал Мухьэмэд. Абы нэхъыжьхэм пщIэ зэрахуищIым, дэтхэнэми псынщIэу, тыншу гъунэгъу зэрыхуэхъум, къызэрыдихьэхым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Мухьэмэд сыт щыгъуи ноби псэлъэгъу гъэщIэгъуэнщ. Ар газетым и лэжьакIуэ нэхъыщIэхэм я чэнджэщэгъуу, Iуэхур псынщIэу зэфIахынымкIэ щапхъэу къокIуэкI. Абы и тхыгъэхэм къагъэлъагъуэ жанр псоми фIыуэ зэрыхищIыкIыр.

Шалымрэ сэрэ «Адыгэ псалъэм» и къудамэхэм дыщызэдэлэжьащ. Сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэнт абы и гурыхуагъэр, нобэми апхуэдэщ. Къалэми тхылъымпIи къимыгъэсэбэпу и гум иреубыдэф и псэлъэгъум къыжриIауэ хъуар. ЦIыху цIэрыIуэхэм, къэрал унафэщIу щытахэм я псалъэ Iущ гуэр тхыгъэм къыщигъэсэбэпынумэ, куэдрэ гупсысэн, къилъыхъуэн хуейкъым, щIиджыкIа-хэр, зэхихар гукIэ ещIэжри. ИпэжыпIэкIэ ар ящыщщ «къызыхуигъэщIар а IэщIагъэрщ» зыхужаIэхэм.

Къэралми, республикэми, дунейми къыщыхъур къэгъэлъэгъуэнырщ, газетым и къалэн нэхъыщхьэу къекIуэкIри. Мухьэмэд сыт хуэдэ пщэрылъ щащIми, дагъуэншэу ирехьэкI, ар лъэпкъым, лъахэм зи къалэмыр гуащIафIэу хуэзыгъэлажьэщ, журналист IэщIагъэми къыдэкIуэу, ар зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэщ. Публицистикэращи, абы гу зылъитэр куэдщ, купщIафIэщ газет напэкIуэцIхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэри.

Зэманыр улъэщIэмыхьэу макIуэ, куэдми зехъуэж. УзэплъэкIыжмэ, уигу къэбгъэкIыжын гъэщIэгъуэнхэри мащIэкъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм къэхъуахэм Мухьэмэд езым и бгъэдыхьэкIи, и Iуэху еплъыкIи хуиIэжщ.

Анэдэлъхубзэр джыным, лъэпкъ газетхэр я унагъуэхэм илъыным щемыгугъужщ ди зэманыр. «Адыгэ псалъэм» щIэупщIэу иIар, ар мин пщIы бжыгъэм щIигъуу къыдэкIыу зэрыщытар, щаIэрыхьэнур къахуэмыгъэсу цIыхухэр къыщыпэплъа лъэхъэнэм ухуоплъэкIыжри, фIыщIэ яхубощI ар зыхузэфIэкIахэм. Абыхэм язщ Мухьэмэди.

ПщIэшхуэ зыхуэсщI, цIыхугъэ лъагэ, пэжыгъэ, зэхэщIыкI куу зыбгъэдэлъ си ныбжьэгъу, псэ хьэлэлым, цIыху щыпкъэм и зэфIэкIыр мыкIуэщIу, сыт щыгъуи хуэдэу, и щапхъэр нэхъыщIэхэм я гъуазэу, лъэпкъым, «Адыгэ псалъэ» газетым адэкIи яхуэлэжьэну сохъуэхъу.

Мухьэмэдрэ и щхьэгъусэ Хьэуарэ я гукъыдэжыр къэзыIэтщ, я лъапIэныгъэ нэхъыщхьэщ я къуэрылъху цIыкIу Хъалид. Нэхъыщхьэращи, узыншагъэ иIэу, пщIэрэ нэмысрэ щызекIуэ и унагъуэм ящхьэщыту, журналистикэм хуеджа и хъыджэбз ФатIимэ, ерыщу и гугъапIэхэм телажьэ и щIалэ Алимрэ абы и щхьэгъусэ Илианэрэ я насыпымрэ я ехъулIэныгъэхэмрэ щыгуфIыкIыу нобэ хуэдэ махуэ дахэ хуагъэлъапIэу, жьэгум и тхьэмадэу псэуну си гуапэщ!

**УЭРДОКЪУЭ Женя,**
*КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

# ГъащIэм и уэрэдхэр

## КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Багъэтыр Нинэ нобэ къыщалъхуа махуэщ

Ди щIыналъэм и уэрэдус нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ бзылъхугъэр Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапIэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетыр къиухащ. 1983 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щолажьэ. А IэнатIэм абы зыкъыщигъэлъэгъуащ зи IэщIагъэм фIыуэ ехъулIэ журналисту. ЦIыхухэм ягу дыхьащ икIи нобэр къыздэсым фIыуэ ялъагъу Багъэтырым къызэригъэпэщ «Макъамэ», «Ди зэIущIапIэм» радиожурналхэр. Ахэр республикэм и щэнхабзэм, литературэм, гъуазджэм я цIыху пашэхэм ятеухуащ. Апхуэдэу а нэтынхэм япэу къыщащIэ литературэм щIэуэ къыхэхъуахэр, республикэм, Налшык щэнхабзэмкIэ я IуэхущIапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм ехьэлIа хъыбарыщIэхэр. Багъэтырыр Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым хэтщ, Урысейм и Артиадэм и лауреатщ. УсакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр щызэхуэхьэсауэ «Гъуэгу махуэ», «ГъащIэм и уэрэд» дискхэр къыдэкIащ. Абы и усэхэр щIэхщIэхыурэ къытохуэ «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» литературэ-художественнэ журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Терек» газетхэм, нэгъуэщIхэми. 2022 гъэм дунейм къытехьащ «Си лъахэ - си уэрэд» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы щызэхуэхьэсащ Нинэ и уэрэдхэр, уэрэдыпкъхэр, усэхэр.

«Бзылъхугъэ усакIуэм и лирикэр узыгъэпIейтейщ икIи гупсысэ куухэм ухэзышэщ. Апхуэдэу щытми, ар быдэу пыщIащ лъэпкъ художественнэ дуней лъагъукIэм, адыгэ усэ гъэпсыкIэм. УсакIуэм хузэфIокI езым и псэм щыхъэхэр лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм иригъэзэгъын, апхуэдэ дыдэуи гурыщIэ къабзэм къигъэщI лирикэр адыгэ дунейм щепсыхьри, иджырей зэманым и фащэщIэхэмкIэ ихуапэурэ уи пащхьэм кърелъхьэж. Зыми емыщхь и хъэтI щхьэхуэр лъэпкъ художественнэ гупсысэм и къигъэхъуапIэ кIадэм зэрыхущытырщ Багъэтыр Нинэ и лирикэр щIэщыгъуэ, гурыIуэгъуафIэ зыщIыр. Аращ ди композиторхэм абы и усэхэм макъамэ щIагъэувэн щIафIэфIыр. Апхуэдэщ цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэу «Гуащэней», «Адыгэ хэку», «КъэкIуэж, адыгэ!», «Къэбэрдей», «ЕфIакIуэ, Джылахъстэней!», «Си Астемырей», «Ботэщей», «Кавказ и Россия», «Джигит родился», нэгъуэщIхэри.

Гупсысэ куурэ гурыщIэ къабзэкIэ гъэнщIащ Багъэтырым и лъагъуныгъэ лирикэри. Абы и щапхъэщ «Сыдэпхьэхащ», «ГъащIэм и уэрэд», «Джэгум», «Дэнэ ущыхэт?», «Лъагъуныгъэм къегъэзэж», «Уэ угугушыIэ», «Мазэу узолъагъу» усэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм усакIуэм теплъэгъуэ телъыджэхэр къыщегъэщI, лирическэ лIыхъужьым и гурыщIэмрэ и лъагъуныгъэ дахэмкIэрэ зэщIэблэу. Нинэ езым и дуней иIэжщ, усакIуэм и псэм и къабзагъэм хуэдэу, ар нэхущ, Iэхуитлъэхуитщ, нэхъыщхьэращи, и бжэр дэтхэнэми хузэIухащ».

Гупсысэ дахэ, дуней еплъыкIэ гъэщIэгъуэн зиIэ бзылъхугъэр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхун мурадкIэ, и махуэм ирихьэлIэу зыхуэдгъэазэри депсэлъащи, къыджиIахэр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.

Нинэ илъэс куэд хъуауэ радиом щрихьэкI IэнатIэрщ япэу зи гугъу тщIар.

- ШыщхьэуIу мазэм илъэс 40 ирокъу радиом щылэжьэн зэрыщIэздзэрэ, – жеIэ абы. - Си лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - программэхэр зэкIэлъыгъэкIуэнырщ. Радиом сызэрыуврэ а IэнатIэм илъэс фIэкIа сримылэжьауэ, Дыкъынэ Хьэмид нэтынхэр згъэхьэзырыну, ар схузэфIэкIыну къызэрилъытэр къыщызжиIэм, сытегушхуат. Абы щегъэжьауэ си лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, журналист лэжьыгъэри изохьэкI. Дапщэщи сыщIэхъуэпсырт зэман сиIэу, гупсэхуу нэтынхэм селэжьыну. Иджыри ар зыхэслъхьэ щыIэкъым. СэркIэ лъапIэщ къызэдаIуэ цIыхухэр сызэриIэр, ахэр нэтынхэм къызэрыпэджэжым сыщогуфIыкI.

**- Илъэс 40-м къриубыдэу узыхуэзахэмрэ узэпсэлъахэмрэ щыщу уигу къинэжахэм я гугъу уэзгъэщIынут**.

- Си насып къихьри, цIыхушхуэхэм, лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм сахуэзащ. Къуныжь Хьэждал, Сыбэч Быхуэ, Мысостышхуэ Пщызэбий, Къэбэрдокъуэ Борис, Даур Аслъэн, Сосмакъ Валентинэ, Къэжэр Пётр сымэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ нэгъуэщI цIыху пэрытхэми я макъ, Iуэху еплъыкIэ, я гупсысэ ди фондым къызэрыхэзнам куэду сыщогуфIыкI. Сэ гу зылъыстаращи, апхуэдэ цIыху инхэм уаIущIа иужькIэ, къарурэ гушхуэныгъэрэ къыпхалъхьэ. ИтIанэ, нэтыныр къызэрохъулIэнур куэдкIэ уи псэлъэгъум елъытащ. Абы и гупсысэкIэм, Iуэху еплъыкIэм куэд иIыгъщ.

**- Литературэм, журналистикэм бжьыпэр щызыIыгъа цIыху цIэрыIуэ куэдым уадэлэжьащ**.

- Нэхъыжь защIэу гуп дахэ сыхэхуат. Гуапэ дыдэу зэхэтащ ди гупыр. Абыхэм нэхъыщIэхэр дафIэлIыкIырт, дадэплъей зэпытт. КуэдкIэ къыздэIэпыкъуащ, къысхуэщхьэпащ ахэр. Зэманым зихъуэжащ. Иджырей щIалэгъуалэм дэ тхуэдэу нэхъыжьхэм я псалъэ ялъытэу схужыIэнукъым. Ар зы лъэныкъуэкIэ фIыщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр я зэфIэкIым, акъылым къегъэгугъэ. Ауэ псори ищIэу къалъху щыIэкъым, ари зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

**- Сэ зэрысщIэмкIэ, усэ тхын къызэрыщIэбдзэрэ куэд мыщIами, уи Iэдакъэ-щIэкIхэр щIэх дыдэу цIэрыIуэ хъуащ**.

- Иджыри курыт еджапIэм сыщIэсу зыгуэрхэр тхын щIэздзат, арщхьэкIэ ахэр дунейм къытезгъэхьакъым. ИужькIэ сыщытегушхуам, псори зэуэ «къиспхъыжауэ» жыпIэ хъунущ. «Мыпхуэдиз щыптхынум щхьэ нэхъ пасэу тхэн щIомыдзарэ?» - жаIэу къызэхъурджэуахэри щыIэщ.

Тхэн зэрыщIэздзари мыращ. Ди уэрэджыIакIуэхэм ящыщ зыгуэр къызэлъэIуат анэм теухуа уэрэд хуэстхыну. Анэм и уэрэдыр лъапэ махуэ схуэхъури, абы сришэжьауэ сотхэ. Тхэн щыщIэздзам, си Iэрытх зыбжанэ Мэремыкъуэ Хъусен хэзгъэплъати: «Утхэн хуейщ!» - къызжиIат, хэкъузауэ. Анэм теухуа уэрэдкIэ есшэжьами, япэу дунейм къытехьар гухэлъ уэрэдщ. Абы яужь анэм хуэгъэпса уэрэд зыбжанэ стхащ, абыхэм ящыщ зым Къул Амир макъамэ хуитхауэ Хъусин Анзор егъэзащIэ.



**- 2004 гъэм тхэн щIэбдзауэ жыпIащ. Уи дежкIэ Iуэху гугъуу щыта ар?**

- Лейуэ гугъу сыдехьауэ схужыIэнукъым. Уэрэд тхыным езым и хабзэ иIэжщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, макъамэ хьэзырым псалъэ хуэстхын хуейуэ къыщызатым и деж нэхъ къызогугъуэкI. Ауэ макъамэр нэгъуэщI зыгуэркIи сэбэп мэхъу, абы уедаIуэурэ псалъэхэр нэхъыфIу къобл. ЗеущэIэуесрэ сэрэ къыдэдгъэкIа альбомым уэрэд 16 итщ (абыхэм я макъамэр зытхари зыгъэзащIэри Iэуесщ). А уэрэдхэм я псалъэхэр псори сысейщ. Макъамэтхым зыхуейр къызжиIэри, адрейр сэ сызэрыхуейуэ стхащ.

Си уэрэдхэм я нэхъыбэр зыгъэзащIэр Бэрэгъун Марианнэщ. Абыхэм ящыщ куэдым макъамэ яхуэзытхар Вэрокъуэ Валерэщ. Си уэрэдхэр ягъэзащIэ, Хьэрэдурэ Динэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Хъусин Анзор, Тхьэзэплъ Залинэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Ерокъуэ Бишер хэхэс адыгэхэм я макъамэ къысхуихьри, абы седаIуэурэ куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Адыгэ хэку» уэрэдыр стхауэ щытащ. Ари зыгъэзащIэр Бэрэгъуэнырщ.

**- Сэ зэрысщIэмкIэ, а уэрэдым и хьэтыркIэ Тыркум фрагъэблэгъауэ щытащ. Дауэт ар къызэрекIуэкIар?**

- Анкара щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я зэгухьэныгъэм дригъэблэгъат. Хуабжьу си гуапэ хъуат абы щыпсэу адыгэхэм ящыщ куэд хьэрычэтыщIэу, къэрал Iуэху зэрахьэу слъэгъуати. Дыщыпсэуа хьэщIэщыр Анкара нэхъ ин дыдэу дэтхэм ящыщти, абы и унафэщIыр шапсыгъ щIалэт. Дауи, нэтын зыбжанэ згъэхьэзырат ахэр хэту. Абы щытта концертыр иуха иужь пэшым щIэсхэм сахэплъати, я нэпс къемыкIуауэ зы цIыху яхэттэкъым. Сигъэнэщхъеящ абы. «Данэм сыхэсми, сыхэхэсщ» (КIыщокъуэ Алим) псалъэхэр сигу къагъэкIыжащ абыхэм. ФIыгъуэ иным хэсми, зи хэку имысыжыр зеиншэ пэлъытэщ. «Адыгэ хэку» уэрэдыр Бэрэгъуным игъэзэщIа иужь, сыкъагъэтэджри Iэгуауэшхуэхэр схуаIэтат, дауи, ар гур хэзыгъахъуэ Iуэхугъуэщ.

2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа Олимп джэгухэм Фырэ Руслан (КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру а зэманым щытащ) и фIыгъэкIэ Бэрэгъун Марианнэ абы ирагъэблагъэри, «Джэгум» уэрэдыр дахэ дыдэу щигъэзэщIауэ щытащ.

Сэ сызэреплъымкIэ, псалъэми макъамэми зэхуэдэу къалэнышхуэ ягъэзащIэ, ауэ псори зэлъытэжар уэрэдыр зыгъэзащIэрщ.

**- Узэрытхэр, ущытхэр, узыгъатхэр?**

- Жэщым, псори зэгъэжу, даущ макъым си закъуэ сыкъыхэна иужьщ.

**- Уэ узэреплъымкIэ, цIыхухэр нэхъыбэу зэдаIуэр сыт хуэдэ уэрэдхэра?**

- Дунейр зэтезыIыгъэр лъагъуныгъэрщ! Лъагъуныгъэр унэтIыныгъэ куэду зэтопщIыкIыж, ауэ зэпсэгъухэм яку дэлъ лъагъуныгъэращ хэкури, дунейри, цIыхухэри фIыуэ уэзыгъэлъагъур. Сэ сызыгъатхэри а лъагъуныгъэращ.

**- Уи IэдакъэщIэкIхэм хэбгъэфIыкI уиIэ?**

- Бын зэхэгъэж зэрумыщIым хуэдэу, ахэри зэхэбгъэщхьэхукIыну къезэгъыу къысщыхъуркъым. Ауэ, нэхъ къызэхъулIауэ къысщохъу: «Адыгэ хэку», «Джэгум», «КъэкIуэж адыгэ», «Шагъдий», «Жэнэт щIыналъэ», «Адэм и уэрэд» «Си фэеплъщ» уэрэдхэр. Ерокъуэ Бишер къэкIуэжауэ: «Си фэеплъщ» уэрэдыр Иорданым щыпсэу адыгэ унагъуэ къэс къыщIоIукI», - къызжиIати, Iыхьэлейуэ си гуапэ хъуат. Уэрэд къэс езым и гъащIэ иIэжщ. Ауэ ар зыгъэзащIэхэм, си псалъэхэм дамэ къатезыгъакIэхэм, иджыри зэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ.

**- Иджыпсту сытым уелэжьрэ?**

- Сызэлэжь щыIэщ, ауэ зэкIэ ахэр хэIущIыIу сымыщIмэ нэхъ къэсщтэнущ.

**- Зэи уемыпцIыжу сыт хуэдэ хьэл къыбдекIуэкIрэ?**

- СызыпэрыхьэIуэхур нэгъэсауэ злэжьыну яужь сит зэпытщ. Ар гугъу сезыгъэхь хьэлщ, ауэ сыщогуфIыкIыж апхуэдэу сызэрыщытым.

**- ЦIыху насыпыр сытым хэплъагъуэрэ?**

- УзэхащIыкIыу, уакъыгурыIуэу дунейм утетыныр насыпщ. Абы и IуэхукIэ сэ насыпыфIэхэм сащыщщ.

А упщIэм жэуапыфI дыдэ иритащ ди лъэпкъым и набдзэ КIыщокъуэ Алим - «Насып щIэкъуэныр - арщ насыпыр!» сатырымкIэ.

**- Уи лэжьыгъэрэ IэщIагъэкIэ укъэзыцIыху, фIыуэ узылъагъу ди газетеджэхэм сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт?**

- Радио, уэрэд щIемыдэIуэн щхьэусыгъуэ ямыIэу псэуну сахуохъуахъуэ. Дамэ къыстезыгъакIэри нэхъыбэм сытезыгъэгушхуэри си лэжьыгъэм къыпэджэж цIыхухэм я гуапагъэрщ, Тхьэм фIыгъуэр къахуищIэ!

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ**.

**БАГЪЭТЫР Нинэ**

### СИ ЛЪАПСЭ

**Си пщIантIэу си гъащIэм и жьантIэм,**
**МэракIуэу хэссат сэ жыг лантIэ,**
**Иджы сыхуозэшыр жыгыщIэм,**
**Дыгъуасэм сешэжыр гурыщIэм.**
**Си унэу, мы си псэр здэунэм,**
**Пхуоплъызыр, ппэжыжьэми, си нэр,**
**Сахьыжыр абыхэм си хьэблэм,**
**ЩIалэгъуэр Шыхулъагъуэу къыщыблэм.**
**ГухэщIым мы си пкъыр еубыдыр,**
**Щызгъуэткъым ди хадэм си адэр,**
**Си анэри щIэткъым пщэфIапIэм,**
**СопщIыхьыр сэ куэдрэ ди щIапIэм.**
**Пытыжкъым си жыгым мэракIуэ,**
**Згъуэтыжкъым псэм щыщхэр, солъыхъуэ,**
**Ди пщIантIэм, ди хьэблэм гур макIуэ,**
**Лъэс лъагъуэр, лъакъуапIэр къелъыхъуэ.**

* * *

**Хызолъагъуэр уи гуфIэкIэр дыгъэм,**
**Хызолъагъуэ сэ уи нитIыр вагъуэм,**
**Къыхызохыр сэ гурылъыр лыгъэм,**
**Хызоухуанэр лъагъуныгъэр фIыгъуэм.**
**Къысхуолыдыр нэ вагъуитIыр жэщым,**
**Гур къолъэтыр, зикI ар схуэмыубыд,**
**Къысхуолыдыр нэ дахитIыр махуэм,**
**Лъэр щIолъэт, гуфIэгъуэм сеубыд.**
**Бжьыхьэ пщIащэр лъэгум щIопсэлъыкIыр,**
**СыIущащэу пщIыхькIэ сыныпхуокIуэр,**
**Си гухэлъым гущIэр къресыкIыр,**
**Лъагъуныгъэ нэпсхэр сэ къысфIокIуэр.**
**Гугъэ нэхухэр гъащIэм сэ сегъэщIыр,**
**Уэсу Iэм къихуарзэр, IэщIоткIухьыр,**
**СоутIыпщыж дыгъуасэр, гур дыхэщIу,**
**ГупсысэщIэ нобэм сэ къысхуехьыр.**

### АДЫГЭ ХЭКУ

**Щикъухьащ адыгэр къэрал куэдым,**
**ЯфыщIащ «жыг уардэр» щысхь имыIэу,**
**Нэхъ къащтат лъэпкъкIуэдыр дэ къытхуэкIуэм,**
**Бзэи, хабзи - псори хэкIуэдэжу.**
**Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ,**
**ЩIы Iэмыщ1эр и хъуржыным илъу,**
**Йбгынат Хэкужьыр ди нэхъыжьым,**
**Пичми и гур, лъагъуныгъэр изу...**
**Тенджызым адэкIэ пшынэр къыщоIурэ,**
**Пшыналъэ дахэри си деж къоIус,**
**Къысхуобзэрабзэри, си гум зыдещI,**
**Лъэпкъым и тхыдэри хабзэри къафэм къыхощ.**
**Толъкъун хъыринэурэ макъамэр йощIэрэ,**
**Си щIылъэ-анэми сыногупсыс,**
**СынодэхащIэури сыпхуогумэщI,**
**ФIылъагъуныгъэми уэрэдыр сэ сегъэус.**
Ежьу: **Си псэм щызгъафIэурэ**
**Мы си гум хэлъ,**
**Дыгъэ нэбзийурэ**
**Мы щIыгум щепс,**
**Уэ, си лъэпкъ щыпкъэр, узигухэлъщ,**
**Уэ, дыгъэпс гуапэурэ си деж къыщепс.**
**Си псэм щызгъафIэурэ**
**Мы си гум хэлъ,**
**Дыгъэ нэбзийурэ**
**Мы щIыгум щепс,**
**Уэ, си лъэпкъ щыпкъэр, си псэм ухэлъщ,**
**Уэ, дыгъэпс гуапэурэ си гум и къуэпс.**
**Уэсыр къытелъми, бгым пшэ Iэрамэурэ,**
**Сэ Iуащхьэмахуэ къызохуэбэкI,**
**Щыгур мылылъэми, лъэр нызохус,**
**АдрыщI сэламри лъапIэурэ лъэпкъым изох.**
**Псэр щыпхуэзэшкIэрэ, уэ узиплъапIэурэ,**
**Пшагъуэр токIуэтри, дыгъэр къыкъуокI,**
**ЖэщкIэрэ мазэри вагъуэм хосыхь,**
**Си лъагъуныгъэри гущIэм хамэщI къыщызох.**
Ежьу.
**ФIыуэ слъагъу лъахэурэ адэжь щIыналъэмэ,**
**Си гур ныпхуеIэурэ си гъащIэр сохь,**
**Адыгэ хасэу лъэпкъым и лIыкIуэм,**
**Псэхэр зэпищIэурэ си гугъэр къысхуегъэнэху.**
**Жэнэт къысщыхъуурэ дуней дахащэмэ,**
**Дыгъэри мазэри къысхуещIыр тыхь,**
**Зы насып вагъуи сэ къысхудокIуэ,**
**ГурыщIэ къабзэми и фIыгъуэ сэ согъэунэху.**
Ежьу.

# Адыгэ фащэр ящыгъыу къызэдэжащ

**Мыгъэрей зэхьэзэхуэхэм я ещанэ шыгъэжэгъуэр Налшык и ипподромым щызэхэтащ. Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ абы кърикIуахэм.**

ГУАПЭ зэрытщыхъуащи, мы гъэм хуэдэу, япэ шыгъэжэгъуищым апхуэдиз цIыху еплъыну зэи къекIуэлIакъым. Бжыгъэхэм кIэлъыплъхэм къызэрыджаIамкIэ, ар цIыху минипщIым щIегъу. ИтIанэ, илъэсищкIэ зэпыуауэ, адыгэшхэри къызэдагъэжащ. Ар къыщыхъуар сыхьэтиплIхэм дежми, иужь дыдэ зэпеуэгъуэу щытми, мы спорт лIэужьыгъуэм дихьэххэр тепыIафIэу пэплъащ, апхуэдизкIэ хуэзэшат мыпхуэдэ Iуэхугъуэми. Ар щыхьэт тохъуэ ди лъахэгъухэм адыгэшым, шыгъажэм хуаIэ лъагъуныгъэр зэрыкуум. Апхуэдэу, къызэдагъэжахэм я ныбжьыр илъэсищ нэхърэ нэхъ мащIэтэкъым, я бжыгъэр 11 хъурт.

ИтIанэ мы зэпеуэм, метр 1600-рэ хъум, Кавказ Ищхъэрэмрэ Кавказ Ипщэмрэ я «Урысей ипподромхэр» АО-м и жэрдэмкIэ, къыщыжащ Сэкрэк Заур и Карабаирыр. Ар фэеплъ хуащIащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм. Шухэм псоми адыгэ фащэ ящыгъащ. ШыгъэжапIэм и унафэщIым ейр къыщылыдыкIыу хужьт. Мы къэжэгъуэм, и заводым къыбгъэдэкIыу абы игъэува ахъшэ саугъэтыр сом мини 100 хъурт. Ар къэзыхьар Гелиос шырщ. Абы тесар Борсэ Сэлимщ. Саугъэтыр текIуахэм езытар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийщ.

Иджы адрей зэпеуэхэм, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, дакъытеувыIэнщ.

Япэу, илъэситI зи ныбжь шы лъэпкъыфI зэмылIэужьыгъуэхэр метр 1000 зи кIыхьагъ гъуэгуанэм къыщызэдэжахэщ, Ростов и шыгъэжапIэм и саугъэтым щIэбэну ТекIуэныгъэ къэзыхьар Сэкрэк



Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Заур и Баккарат Роуджырщ. Абы и гъэсакIуэщ Бахъуэ Мухьэмэд. Тесар япэ категорие зиIэ шуулей Щоджэн Iэдэмщ. Мы зэхьэзэхуэр, ипэм къыщыщIэдзауэ икIэм нэсыху, апхуэдизкIэ зэрыхэгъэзыхьу, гуащIэу екIуэкIати, япэ увыпIэр къэзыхьар адрейхэм зэрефIэкIар бжьизкIэщ. Абы къигъэлъэгъуащ Урысейм къыщагъэхъуа шы лъэпкъхэр етIуанэу къэса ирланд щылъхум зэрефIэкIыр.

КъыкIэлъыкIуэу ирагъэкIуэкIа зэдэжэгъуитIри куэдым мыхьэнэ хэха зратхэм ящыщт. Илъэсищ зи ныбжь хьэрыпышхэмкIэ метр 1600-м къыщызэдэжахэм зэкIэлъхьэужьу, ещанэу текIуэныгъэ къыщызыхьар Талащенкэ Юрэ и шырщ. Абы и гъэсакIуэр Михайлук Василийщ. Къэзыгъэжар мастер-шуулей Тихонов Юрэщ.

Саугъэту сом мин 300 щагъэджэгуа зэдэжэм нэхъ лъэпкъыфIхэу ших щызэпеуащ. Ди дэщIакIуэхэр щыгугъами, абы щытекIуакъым «Эльбрус» клубым и Аксессыр. Ар етхуанэу къэсауэ аращ. Бжьыпэр зыубыдар Лайткон американ шырщ. Зейр Новомарьевскэ мэкъумэш фермэрщ.

Метр 1800-м къыщыжахэми, дызэрыщыгугъам хуэдэу, Мамхэгъ Астемыр и Багдарэр щытекIуакъым. Псом нэхърэ нэхъ жэру къыщIэкIар Бабуев Тимур и шырщ. Шуулейуэ щытар Щоджэн Iэдэмщ.

Зыми хуигъэфэщакъым зи ныбжь хэкIуэта Акцент къигъэхъуар. Иужь зэманым ехъулIэныгъэшхуэ имыIэжу къекIуэкIыурэ, гъэсакIуэ цIэрыIуэ Алокъуэ Аслъэнджэрийрэ япэ категорие зиIэ шуулей Шыкъ Астемыррэ я Iэмыщ Iэ ихуэри, абы хъарзынэу зыкъиIэтыжащ, мы къэжэгъуэми щытекIуащ. Ар умыгъэщIэгъуэну гугъущ, къызэдэжахэм я лъэкIыныгъэр къэплъытэмэ.

КилометритI зи кIыхьагъ гъуэгуанэм къыщызэдэжа, илъэсищ зы ныбжь шипщIым нэхъапэкIэ ехъулIэныгъэшхуэ зиIа яхэттэкъым. Мыхэр мастер-гъэсакIуэ Хьэмыз Руслан и щIыхькIэ къызэдэжащ. Шыгъэжэгъуэ махуэр къызэрекIуэкIам къыщхьэщыкIакъым мыри. Ямыгугъауэ Салмахажиев Назарбэч иш Шунгитыр псоми ящхьэщыжащ. Зыгъэхьэзырар ПщыукI Амирщ. Ар къэзыгъэжа Сыжажэ Руслани и тренерщ.

Дзэм езым и фIэфIыныгъэкIэ къулыкъу щищIэу, Украинэм щекIуэкI зауэм хэкIуадэу «Урысейм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зрата Аршинов Николай фэеплъ хуащIа къызэдэжэм нэхъ лъэпкъыфIу къалъытэ шипщIым, нэхъ ныбжь зиIэхэм, метр 2000 зэпачащ. Мыбдежми дэщIакIуэхэм ягугъа, ДыщэкI Хьэжмурат и Ультиматумыракъым текIуэныгъэ къэзыхьар, атIэ франджы шы лъэпкъыгъуэ Биг Брайтщ. Ар зейр мастер-тренер Кантакузин Максутщ, тесар мастер-шуулей Иванской Александрщ.

Урысейм къыщагъэхъуа, илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъыгъуэфIхэу пщIы Украинэм щызауэ ди лIыхъужьхэм я щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щIэбэнащ. Ахэр къыщызэдэжащ метр 1800-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм. Гугъу дехьами, хуэфащэу абы бжьыпэр щызыубыдар Сэкрэк Заур и пцIэгъуэплъ Альфаизщ.

Зи чэзу шыгъэжэгъуэр мэкъуауэгъуэм и 17-м зэхэтынущ.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# СурэтыщI ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэр



Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Сабийхэм я дунейпсо махуэм, мэкъуауэгъуэм и 1-м, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ музейм къыщызэIуахащ сурэт щIыныкIэ Кавказ Ищхъэрэм и XV зэпеуэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ гъэ къэс нэхъри зэрызиубгъум и щыхьэту, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ис сабийхэм я лэжьыгъи 100 хагъэхьащ музейм щагъэлъагъуэхэм.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм художественнэ егъэджэныгъэмкIэ и Методикэ центрым и унафэщI Бэрбэч Беслъэн зэIущIэ гуапэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ художник ныбжьыщIэхэр зэпымыууэ зэрылажьэр, я зэфIэкIым зэрыхагъахъуэр, Ткаченкэ Андрей и цIэкIэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм къагъэхьа сурэтхэмкIи ар зэрынэрылъагъур.

- ЕгъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я илъэсым къызэрагъэпэща зэпеуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ткаченкэ Андрей егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iэзэу, а IэщIагъэм и щапхъэу щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ, ди республикэм и цIэр ди къэралми хамэ къэралхэми щызыгъэIуа сурэтыщI куэд игъэсащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Уянаевэ Iэминат сурэтыщI ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ цIыхубэр зэрыгушхуэн ехъулIэныгъэхэр яIэну, ди щIыналъэр щIыпIэ жыжьэхэм щагъэIуну. Сабийхэм я зэфIэкIхэр къызыкъуахынымкIэ ядэIэпыкъу я адэанэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ.

Налшык округым и Чристэн члисэхэм я благочиннэ Бобылев Валентин жиIащ зэпеуэм и щIыб лэжьыгъэшхуэ зэрыдэлъыр. Абы ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ къызыхэкIа лъэпкъым, я щIыналъэм хуэщхьэпэу, хуэпэжу къэхъуну.

Мэздэгу къалэм и художественнэ школым и унафэщI Лобковэ Наталье къыхигъэщащ илъэсипщIым щIигъуауэ я гъэсэнхэр мы зэпеуэм я зэфIэкI зэрыщеплъыжыр, абы и фIыгъэкIэ я Iэзагъэм зэрыхагъахъуэр. Наталье къызэгъэпэщакIуэхэмрэ къэпщытакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм я цIэ абдеж къыщраIуащ икIи щагъэлъэпIащ. КъыжыIапхъэщ, мы гъэм абы иджыри Iуэхугъуит I зэрыхагъэхьар: композитор цIэрыIуэ Рахманинов Сергей илъэси 150-рэ зэрырикъумрэ зи узыншагъэм къимыхь сабийхэм я зэфIэкIхэр къагъэнэIуэным теухуамрэ. Ткаченкэ Андрей ипхъу Маринэ КъБР-м и Iэтащхьэм, ЩэнхабзэмкIэ министерствэм, зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ.

Илъэс 15 хъуащ мы зэпеуэр зэраублэрэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар щхьэпэщ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм щыпсэухэр зэрыцIыхунымкIэ, ныбжьыщIэхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэнымкIэ, ныбжьэгъу зэхуэхъунымкIэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Езым хуэдэхэм йофIэкI

**«Пятница» телеканалым щекIуэкI «Псом нэхърэ нэхъ Iущ» нэтыным хэтащ Налшык щыщ Щэрдан Рэмэзан.**

НЭТЫНЫМ щIэныгъэрэ жанагъкIэ щызэпоуэ илъэси 6-14 зи ныбжь цIыкIухэр. Абы къыщахутэ политикэм, ментальнэ арифметикэм, программированэм, шахматхэм, нэгъуэщI куэдми дихьэх ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэр.

Илъэс 13 зи ныбжь ди щIалэ цIыкIум псом нэхърэ нэхъ Iущу зыкъыщигъэлъэгъуащ нэтынхэм ящыщ зым. Абы пэжу, псынщIэу, губзыгъэу итащ и жэуапхэр икIи псом нэхърэ нэхъыбэ балл зэхуихьэсащ. Рэмэзан инженер хъуну и хъуэпсапIэщ, щIыуэпсыр фIыуэ елъагъу.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Фыдогъэблагъэ!

● Футбол



Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ. Япэ гуп.
КIэух Iыхьэм и еханэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*Мэкъуауэгъуэм и 4.*
*Сыхьэт 16-м.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683
Заказыр №1173

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А